

Entegrasyon Ak Lòt Pwogram

Lekòl Primè Beaver Run (BRS) fè asosyasyon nan kominote ak:

- Wicomico Early Learning Center
- Wicomico County Judy Center Partnership
- Wicomico County Library Bookmobile
- Professional Development School Site Salisbury University
- Horizons
- Chick-Fil-A
- Junior Achievement
- Adkins Farm Market
- Delmarva Shorebirds
- Maryland Food Bank
- Delmarva Pet on Wheels
- McDonalds, Baxter Enterprises



Fè

Pwovizyon Asistans Ak Ansèyman

Paran elèv yo pral jwenn enfòmasyon konsènan Pwogram Title I ak kondisyon Angajman Paran nan "Every Student Succeeds Act (ESSA)". Paran yo va resevwa enfòmasyon konsènan kou-rikoulòm ki anseye, nivo elèv yo dwe reyalize, enfòmasyon ak evalyasyon lekòl ak rezilta ki genyen yon eksplikasyon. Yo ka pataje enfòmasyon sa nan "Back to School Night", nan Oryantasyon Title I, epi nan Reyinyon Konsèy Paran oubyen Atelye Paran yo. Paran yo ap gen opòtinite pou l asiste reyinyon regilyèman konsènan edikasyon timoun yo. Yon paran kapab ekri komantè li oubyen enkyetid li yo, mete yo sou yon evalyasyon, oubyen pale ak administratè lekòl la.

Aktivite ak Zouti pou Angajman Paran:

Lekòl Primè Beaver Run ofri aktivite ak sèvis sa yo:

- Sant Enfòmasyon pou Angajman Paran
- Nwit Fanmi yo
- Atelye pou Paran baze sou Entere Paran yo
- De (2) Reyinyon Konsèy Paran
- Travayè sosyal sou plas
- Jounen pou Ed Kòminote yo
- Gen entèpret ki disponib, si ou mande davans.
- Gen transpò ki disponib, si ou mande davans.

Asire Ke Ou Ka Jwenn San Difikilite

Plan Amelyorasyon pou Lekòl Beaver Run toujou disponib pou paran yo fè revizyon. Plan sa a enkli dis (10) pati pwogram Title I nan lekòl la ak bi ansèyman, patisipasyon, ak pwogram lekòl la. Ou kapab gade plan sa nan www.wcboe.org. Si yon paran genyen keksyon oubyen vle fè komantè, li kapab prezante yo devan direktè a oubyen direktè Ekip Lidèchip Estriksyonel la. Ou kapab jwenn Bwochi Angajman Paran an Angle, Panyòl ak Kreyòl. Si gen bezwen, ap genyen entèpret ak transpò. N ap tradwi envitasyon ak bwochi yo.



Reviewed & Revised May 2018

Lekòl Primè Beaver Run Plan Angajman Paran Yo Pou Title I

2018-2019

Mr. Curt Twilley
Direktè

Ms. Tana Ellis
Sou Direktris

Ms. Cindy Becker
Sou Direktris

Beaver Run Elementary School
31481 Old Ocean City Road
Salisbury, MD 21801
410-677-5101

Wicomico Early Learning Center
1101 Robert St. Salisbury,
MD 21804 410-677-5900

www.wcboe.org/schools/brs/



Depatman Edikasyon rekonèt ke paran yo se premye pwofesè timoun yo epi paran yo fonksyone kòm yon edikatè pandan lavi timoun yo. Pliske 30 ane rechèch konfime ke siksè akademik elèv la epi estim li, yo mache men-an-men ak fason paran yo angaje nan edikasyon pitit li, kòmnanse nan pre-skolè rive nan lekòl sekondè. Lekòl Primè Beaver Run kwè ke edikasyon timoun yo se yon responsabilite ke nou dwe pataje. Angajman lekòl, fanmi, ak kominote a kreye yon sistèm edikasyon ki pi fò epi ki amelyore kalite lavi elèv yo, fanmi yo, ak tout kominote nan Wicomico County. Sistèm lekòl la, ak lekòl endividyèl yo, fè yon angajman pou etabli pwogram ak pratik. Sa kreye yon klima de konfyans ak respè ki sipòte angajman paran yo.

Reyinyon Konsèy Paran (PAC)

Yo fè reyinyon pou Konsèy Paran "Title I" nan Lekòl Primè Beaver Run de (2) fwa chak ane. Yo envite tout paran yo nan reyinyon sa a. Men sijè ke yo diskite ak revize nan reyinyon PAC yo: Pwogram Title I, Plan Angajman Paran Title I, Bidjè pou Angajman Paran, Enfòmasyon elèv, Kourikoulòm Leta Maryland, "Maryland College and Career Readiness Standards", Evalyasyon leta ak lokal, Kontra lekòl yo, ak Aktivite pou Angajman Paran. Nou envite paran yo pou di sa yo panse sou Plan Angajman Paran, bidjè a, ak Kontra ki rele, "Partners in Learning". Paran yo gen yon chans tou pou yo di sa yo panse sou devlopman pwofesyonèl pwofesè yo epi sou kouman li relate ak angajman kominote ak paran yo.

Kowòdinasyon ak Sipò

Sipèvizè Title I va asire ke paran yo angaje nan aktivite yo. Ap genyen kowòdinasyon nan pwogram yo ak asistans teknik nan Lekòl Beaver Run. Yon moun ki gen tit "Title I Family Engagement Specialist" va ba Sipèvizè a èd ak sa. Estaf Lekòl Beaver Run va bay ide, òganize materyèl, pataje resous yo, epi fè reyinyon de fwa chak ane ak PAK yo. Nou enkli Wicomico Early Learning Center (WELC) nan reyinyon (ILT) yo epi nan Nwit Fanmi yo, selon klas yo.



Nwit Fanmi yo

Yo fè Nwit Fanmi yo pou chak klas pandan ane a. Bi chak nwit se pou ranfòse ide yo ki anseye nan lekti ak matematik. Nou bay paran yo opòtinite pou travay ansanm ak pitit yo nan aktivite yo. Nou pataje estrateji pou ede elèv pandan lakay tou. Ap genyen rafrechisman. Si gen bezwen, ap genyen transpò ak entèpret.

Tèm nan Klas yo/Jou Wotasyon yo

Nou envite paran yo vini nan jou ki gen tèm espesyal nan klas yo. Paran yo patisipe ansanm ak timoun yo nan klas yo nan lekti, matematik, epi/oubyen nan aktivite S.T.E.M. yo.

Atelye pou Paran

Nou fè atelye pou ede paran konprann entèvasyon akademik yo ak evalyasyon yo. Nan atelye sa yo, nou bay paran estrateji ak materyèl pou itilize pandan lakay pou sipòte pitit yo nan aprann. Yo gade Ankèt Entere Paran yo, epi si genyen sijè ki te enterese paran yo, yo kapab ofri yo lè sa.

Jounen pou Èd nan Kominote a

Elèv nan Dezyèm Ane ki moutre yo genyen kapasite nan lidèchip, ansanm ak paran yo, pral genyen yon opòtinite pou patisipe nan yon jounen nan kominote a. Sa yo ki patisipe pral genyen yon chans pou wè woutin plizye nan biznis yo nan Wicomico County. Pral genyen opòtinite pou fè konesans ak Majistra, Jij nan Tribinal Awondisman, epi vizite estasyon nouvell WMDT. An adisyon, elèv yo pral vizite Pwogram "Career Technology Education" nan Lekòl Sekondè Parkside pou aprann konsènan fòmasyon yo kapab resevwa nan djob yo pandan yo nan lekòl sekondè.

Opòtinite Volontè ak Pwogram Kominote

Genyen enfòmasyon konsènan kouman yon moun kapab volontè nan Lekòl Beaver Run nan Ankèt Volontè. Nou pataje enfòmasyon nan Nwit Amizan pou Fanmi yo, PTA yo, ak Reyinyon PAC yo. Men ki opòtinite paran yo genyen pou volontè:

- Vwayaj pou vizite lòt kote ak klas la (jounen)
- Magazen PBIS nan lekòl la/Evènman yo
- Wotasyon nan klas apwopriye yo
- Sèvi nan komite: PAC/ILT
- Aktivite nan PTA/Evènman yo
- "Hit the Books" (Etidye Anpil)/Adkins Reading Incentive(Ankourajman pou fè lekti)

Ankèt Entere Paran ak Ankèt Volontè pou Paran

Nou mande paran yo pou konplete Ankèt Entere Paran. Nan sa, yo pral endike si yo bezwen enfòmasyon sou kèk sijè, lè yo disponib pou yo vizite lekòl la, epi talan yo genyen ke yo kapab pataje nan sèvis lekòl la. (Egzanp: vin li pou elèv yo nan klas yo a, patisipe nan yon reyinyon WCBOE). Nou voye yon Ankèt Volontè lakay ou pou bay paran yo yon opòtinite pou yo pataje kouman yo kapab sipòte lekòl la. Enfòmasyon nou resevwa nan ankèt sa yo va ede lekòl la travay ansanm ak paran kòm patnè egal.

